

BAB III


METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan téh dina enas-enasna mah mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data kalawan miboga tujuan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiono, 2012, kc.2). Métode anu digunakeun téh nya éta métode déskriptif atawa métode déskriptif analisis. Ieu métode anu digunakeun téh didéskripsikeun, ditranslitarasi, dianalisis, dikumpulkeun data atawa informasi anu geus ditangtukeun, tuluy diterangkeun sacara déskriptif.

Desain panalungtikan mangrupa gambaran tahapan anu baris dilaksanakeun ku panalungtik, nya éta:

Gambar 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data Panalungtikan

Dina unggal ngalaksanakeun panalungtikan diperlukeun sumber data anu bisa dijadikeun cecekelan keur kalancaran lumangsungna panlungtikan. Dina ieu panlungtikan ngagunakeun sumber data nya éta naskah carita Babad Galuh. Sumberna ieu naskah téh nya éta ti Ibu Tétét Widiyanti, perenahna di Kecamatan Cikoneng, Ciamis. Aksara anu digunakeun dina ieu naskah téh nya éta aksara arab ‘pégon’ jeung ngagunakeun basa Sunda, kandelna naskah téh nya éta aya 53 lembar 106 kaca, sarta ngagunakeun dalapan pupuh.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

- a. Studi dokuméntasi nya éta téhnik anu dilakukeun ku cara ngumpulkeun jeung neuleuman naskah (data atawa dokumén) atawa bahan-bahan anu aya patalina jeung panalungtikan, contona macaan ngeunaan naskah Babad Galuh jeung transliterasina, struktur carita karya sastra, jeung dasar-dasar tiori nu aya hubungan jeung panalungtikan.
- b. Studi lapangan nya éta téhnik anu dilakukeun ku cara néangan informasi ngeunaan hal-hal anu can kapaluruh dina hasil talaah pustaka.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta naskah Babad Galuh anu mangrupa alat anu bisa digunakeun pikeun nganalisis struktur caritana tur dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Salian ti éta ngagunakeun instrumen anu mangrupa pedoman wawancara pikeun mikanyaho identitas naskah. Pedoman wawancara digunakeun pikeun informasi ti sumber ngeunaan naskah. Wawancara dilaksanakeun kalayan nagunakeun patokan anu geus disusun ti anggalna (wawancara terstruktur), mangrupa pertanyaan anu geus disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan. Dina ngalaksanakeun wawancara ditepikeun ngaliwatan patalékan-patalékan anu disanggakeun ka narasumber ngeunaan hal-hal anu aya hubunganana

jeung éta naskah. Nanging dina pedoman wawancarana mah ngan aya saukur kode patalékan anu kudu dieusian ku panalungtik. Ku kituna pedoman wawancara anu digunakeun téh saperti dihandap:

a. Judul Naskah	:
- Dina naskah	:
- Ceuk pemilik naskah	:
- Ngaran	:
- Umur	:
- Pakasaban	:
- Padumukan	:
b. Asal-usul naskah	:
c. Fungsi naskah	:
d. Ukuran naskah	:
e. Ruang tulis	:
f. Kaayaan naskah	:
g. Jumlah kaca	:
h. Jumlah baris per halaman	:
i. Basa	:
j. Aksara	:
k. Ukuran aksara	:
l. Wangun aksara	:
m. Alat tulis	:
n. Tapak alat tulis	:
o. Paginas: Rubrik (tanda baca)	:
p. Warna mangsi	:
q. Warna kertas	:
r. Jenis kertas	:
s. Kaayaan tulisan	:
t. Cap kertas (watermark)	:
u. Wangun karangan	:

Saterusna panalungtik ogé ngajieun instrumen anu mangrupa tabél pikeun nganalisis jumlah pupuh anu digunakeun dina naskah *Babad Galuh*.

Tabél 3.1

Instrumén pikeun nganalisis jumlah pupuh

No	Ngaran Pupuh	Jumlah Pada	Guru Wilangan	Guru Lagu
1	Dangdanggula	28	10-10-8-7--7-6-8-12-7	i-a-é/o-u-i-a-u-a-i-a
2	Asmarandana	22	8-8-8-8-8-8-8	i-a-é/o-a-a-u-a

3	Kinanti	76	8-8-8-8-8-8	u-i-a-i-a-i
4	Pangkur	64	8-12-8-8-12-8-8	a-i-u-a-u-a-i
5	Mijil	19	10-6-10-10-6-6	i-é/o-é/o-i-u
6	Pucung	33	12-6-8-12	u-a-é-a
7	Durma	39	12-7-6-7-8-5-7	a-i-a-a-i-a-i
8	Sinom	68	8-8-8-8-8-8-8-12	a-i-a-i-i-u-a-i-a

Salian ti pedoman wawancara, bisa ogé dijadikeun instrumen panalungtikan nya éta kamera digital anu mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngartikeun sora dina prosés ngumpulkeun data. Dina instrumen ieu panalungtikan bisa dipaké pedoman ngumpulkeun datana dina wangun idéntifikasi idéntitas naskah.

3.5 Téhnik Panalungtikan

Dumasar kana métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif analisis. Ieu métode digunakeun pikeun ngahontal tujuan, téhnik panalungtikan anu dipaké téh nya éta téhnik ulikan pustaka jeung téhnik analisis data.

Téhnik ulikan pustaka téh nya éta téhnik anu digunakeun pikeun ngalengkepan bahan-bahan anu masih kénéh kurang. Ku cara macaan jeung nalaah buku-buku nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, sedengkeun téhnik analisis data digunakeun pikeun nganalisis jeung ngajéntrékeun data atawa bahan anu nyampak nepi ka ngahasilkeun hiji kacindekan anu kongkrit.

Dina ieu panalungtikan, téhnik ulikan pustaka jeung téhnik nganalisis data digunakeun pikeun néangan data atawa informasi anu aya patalina jeung téori ngeunaan struktur Babad Galuh katut dipatalikeun jeung bahan pangajaranana.

3.6 Analisis Data

Sabada hasil data dikumpulkeun, léngkah anu satuluyna nya éta nganalisis data. Dina ieu analisis data tangtu aya léngkah-léngkah pikeun meunangkeun hasil data anu baris dianalisis, nya éta :

- nganalisis data anu geus kapanggih;
- ngadéskripsiun naskah Babad Galuh;
- transliterasi naskah Babad Galuh;

- d. nganalisis struktur naskah Babad Galuh;
- e. nyieun rujukan alternatif bahan ajar maca carita buhun pikeun SMA kelas XII luyu jeung SKKD pangajaran basa jeung sastra Sunda;
- f. napsirkeun data; jeung
- g. ngajieun kacindekan.